

Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN S4688-A/A6865-A POU OTORIZE TRANSFÈ  
PWOPRIYETE ETA A NAN VIL NEW YORK BAY EMPIRE STATE DEVELOPMENT  
POU SYÈJ SOSYAL LIG IBEN NASYONAL, MIZE DWA CIVIL IBEN AK LOJMAN  
ABÒDAB**

***Gouvènè Cuomo: "Lè nou siyen mezi sa a pou vini yon lwa, nou pral ede prezève istwa Harlem, kreye plis lojman abòdab epi bay yon kay pou òganizasyon san bi likratif ak sivik yo tankou National Urban League ak 100 Black Men ki ap fè travay enpòtan chak jou pou kominote koulè yo nan tout New York".***

Gouvènè Cuomo te siyen jodi a pou vini yon lwa S.4688-A/A.6865-A, ki otorize Komisè Sèvis Jeneral Eta (State General Services Commissioner) a transfere tè ak pwopriyete Eta a posede yo nan Vil New York bay Empire State Development pou yon montan mwens pase valè reyèl mache a pou pèmèt pwopriyete sa a kapap itilize kòm Syèj Sosyal ak Sant Konferans National Urban League ak Mize Ekperyans Dwa Sivil Iben (Urban Civil Rights Experience Museum) an. Pwojè 270 milyon dola a pral ogmante tou rezèv lojman abòdab vil lan ak apwoksimativman 170 inite, pou sipòte plan 20 milya dola Gouvènè a pou konbat pwoblèm moun ki sanzabri epi kreye lojman abòdab pou Nouyòkè yo. Anplis, transfè tè a pral pèmèt espas ki pi ba pase mache a ak gratis pou òganizasyon ki san bi likratif yo, One Hundred Black Men, Inc. ak Jazzmobile, Inc. Lwa a antre an vigè imedyatman.

"Harlem gen yon istwa ak kilti rich ki ta dwe selebre, pwoteje ak amelyore pou jenerasyon alavni yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou siyen mezi sa a pou vini yon lwa, nou pral ede prezève istwa Harlem, kreye plis lojman abòdab epi bay yon kay pou òganizasyon san bi likratif ak sivik yo tankou National Urban League ak 100 Black Men ki ap fè travay enpòtan chak jou pou kominote koulè yo nan tout New York."

**Senatè Brian A. Benjamin te deklare,** "Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen lejislasyon sa a, sa ki pral bay Lig Iben Nasyonal lan yon kay sou 125th Street, koridò santral Harlem istorik lan, dekwa pou yo kapab kontinye travay pwomosyon yo a nan non Afriken Ameriken yo ak pou jistis Ekonomik. Syèj Sosyal sa a, ansanm avèk yon mize dwa sivil ak lojman abòdab pou revni ki ba yo se kontribisyon enpòtan pou kominote Harlem lan. Mwen fyè dèske mwen se esponsò Sena lejislasyon an ki te rann sa posib".

**Manm Asanble Inez E. Dickins te deklare,** "Jodi a mwen fyè pou mwen anonse Gouvènè Andrew Cuomo pral siyen yon lejislasyon ki enpòtan anpil ke mwen te pwopoze nan asanble Eta a ki pral ede menen National Urban League lan retounen kote li te pran nesans li - Harlem, USA. Ansanm ak retou enstitisyon enpòtan sa a, pwojè a pral gen ladan tou 170 inite lojman ki vrèman abòdab epi li pral kreye yon

nouvo kay pou Jazzmobile ak 100 Black Men, Inc. Mwen felisite gouvènè a dèske li kontinye sipòte fanmi ki gen revni ba ak mwayen yo lè li siyen lejislasyon sa a ki pèmèt yo rete yon pati nan tisi sosyal vil nou an, epi dèske sa ap pase jou anivèsè mwen an rann li yon okazyon ki pi espesyal ankò".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)